

# Prevansyon Kowonaviris ak dènye nouvèl

29 Janvyè 2020

Chè Manm Kominote Kanpis nou an,

Enfòmasyon sou epidemi nouvo kowonaviris Lachin, k ap simaye Ozetazini, ak lòt zòd nan mond lan ap chanje vit. Dirijan yo nan Inivèsite a ak Sant Sante Inivèsite yo ap suiv sityasyon an depre epi pran aksyon pou kenbe kominote nou an sekirite ak an sante. Mwen konnen anpil nan nou, patikilyèman moun ki gen koneksyon pwogramatik oswa pèsonèl ak Lachin, yo te pwofondman konsène sou sityasyon sa a, e mwen ofri senpati nou yo ak sipò yo bay moun ki afekte yo. Mwen ekri nou pou ban nou dènye nouvèl sou aksyon ou ak rezilta yo jiska jounen jodiya.

**Nan moman an, pa gen okenn ka kowonaviris ki konfime nan Inivèsite Maryland oswa nan Eta Maryland.** Nou pral kominike avèk kanpis la imedyatman si sityasyon sa a ta chanje.

Yè, Sant pou Kontwòl Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) te monte nivo avètisman pou vwayaj li pou mete Lachin, kote yo te rekòmanse pou moun pa vwayaje Lachin si li pa nesèsè. **Toutotan yo pa chanje avètisman sa a, inivèsite a p ap otorize okenn vwayaj Lachin, epi nou anile Pwogram Edikasyon Aletranje Lachin nan pou elèv yo pou sezon prentan 2020 an.**

N ap kontinye ak jefò ki te kòmanse semèn pase a pou fè plis travay pou dezenfekte sifas moun touche anpil yo ak twalèt yo nan tout kanpis la.

Jodiya, n ap lanse yon nouvo pajwèb, [umd.edu/virusinfo](http://umd.edu/virusinfo). Paj sa a pral sèvi kòm sous enfòmasyon prensipal sou prevansyon viris, rekòmandasyon pou moun k ap absan nan kanpis la, kesyon moun poze souvan avèk repons yo ak lyen nan Sant pou Kontwòl Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) ak lòt resous lasante. Li gen ladan tou enfòmasyon ajou sou aksyon inivèsite a ak repons pa rapò ak kowonaviris. Nou pral kontinye ajoute ak aktyalize kesyon moun poze souvan avèk repons yo pandan sityasyon kowonaviris la ap evolue. Nou ankouraje tout moun ki gen kesyon oswa enkyetid vizite sit la.

Finalman, nou chak oblije fè efò pou redui danje pou enfeksyon kote n ap respekte prensip pou evite ka lagrip ak lòt maladi nan kominote nou an. **Mwen vle raple tout moun Sant Sante Inivèsite nou an toujou rekòmande pou nenpòt moun ki malad oswapanse yo ka malad pa vin nan klas oswa travay epi al kay doktè, si sa nesèsè.** Konsèy sa se pou aplike pou tout moun, chak ane, ak pou nenpòt moun ki sispèk ki sispèk li te pran kontak ak kowonaviris. Nou nan peryòd nan sezon grip la kote anpil moun genyen li, epi sa poukont li t ap mande pou nou respekte rekòmandasyon sa yo. Vrèman vre, nenpòt moun ki pa te resevwa yon vaksen kont grip sezon sa a dwe konsidere fè sa san pèdi tan. Vaksen kont grip la disponib nan UHC.

Nou bay pwofesè yon konsèy sou fason yo ka akomode elèv ki ka bezwen fè travay yo a distans pandan yon ti tan. Ou pral wè tou konsèy pou evite simaye grip, larim, ak lòt viris yo afiche toupatou nan kanpis la ak sou rezo sosyo yo. An plis, ou ka wè kèk moun ki mete

mask chirijikal pou pwoteje kont enfeksyon an. Sa pa vle di gen maladi oswa enfeksyon. Men, yon se yon woutin kèk moun itilize pou evite pran maladi.

Nou kontinye konsilte avèk ekspè kowonaviris nan Inivèsite Maryland, Baltimore, men nou pa gen tèss pou enfeksyon kowonaviris nan UMB ankò. Tout tèss yo pral kowòdone atravè CDC, ak depatman sante lokal ak eta yo. Si ou sispèk ou te pran kontak ak viris la epi ou gen sentòm yo (lafyè, tous, difikilte pou respire) ale nan sal dijans ki pi pre w la oswa Sant Sante Inivèsite a san pèdi tan. Si sa posib, rele davans pou di manm pèsònèl etablisman an sentòm ou yo ak poukisa ou sispèk ou te pran kontak ak kowonaviris. Lè ou rive nan etablisman an, di manm pèsònèl la sentòm ou yo epi di yo ou sispèk ou te pran kontak ak maladi a tousuit.

Nou pral kontinye bay dènye nouvèl yo nan [umd.edu/virusinfo](http://umd.edu/virusinfo) kou nou resevwa yo nan men ofisyèl sante yo, epi nou ankouraje w voye yon imèl bay [healthconcerns@umd.edu](mailto:healthconcerns@umd.edu) si ou gen kesyon espesifik sou kowonaviris. Nou pran angajman pou bay enfòmasyon ak sipò nan sitiyasyon k ap vale teren sa a.

Ak tout senserite,

**Mary Ann Rankin**

*Vis Prezidan ak Dwayen*